

ALÈT TPS : AYITI

Administrasyon Trump lan mete fen ak Eitati Pwoteksyon Tanporè pou Ayiti, an aplikasyon 22 Jiyè, 2019. Si ou menm oswa yon moun ou renmen oswa yon kolaboratè se yon sitwayen Ayisyen ki gen TPS, sa yo se enfòmasyon enpòtan ou dwe konnen:

Kisa ou dwe konnen?

Ou gen pou depoze yon aplikasyon pou ka re-enskri pou estati TPS lan avan **19 Mas, 2018**. Se kapab dènye opòtinite pou renouvle estati w, poutèt sa pa rete tann. Pou evite pwoblem, depoze aplikasyon w pi vit ke posib.

Kisa kap rive si mwen pa enskri ankò?

Wap pèdi estati pwoteksyon w e ou pap kapab travay legalman ankò.

Ki estati pèmi travay mwen?

Dwa pou travay la pwolonje otomatikman jiska **21 Jiyè, 2018**. Travay ou pap afekte si ou re-enskri a tan pou estati TPS lan.

Kisa pwolongasyon otomatik otorizasyon travay lan vle di?

Pwolongasyon otomatik lan vle di ke ou kapab travay legalman aprè dat ekspirayon ki make sou pèmi travay ou a. Tout sa wap gen poufè se montre bès ou yon kopi de Avi Rejis Federal la sou TPS pou Ayiti epi tout bagay ap nòmal pou wou jiskaske ou jwenn nouvo pèmi travay ou an. Ou kapab jwenn avi sa sou uscis.gov/tps.

Kisa ki ap rive ak travay mwen aprè 21 Jiyè, 2018?

Depi ou soumèt aplikasyon pou re-enskri pou TPS lan epi renouvle pèmi travay ou an a tan, nouvo dokiman ou yo ta dwe rive avan dat linit sa epi wap sèlman prezante yo bay moun ki anplwaye w lan.

Kijan poum re-enskri?

Depoze fòmilè I-821 ak I-765 nan Sèvis Imigrasyon ak Sitwayènète Ameriken (USCIS), ansanm ak frè nesèsè yo. Ale nan fèy enstriksyon an pou plis detay.

Kisa poum fè sim gen plis kesyon?

Ou ka toujou anvizaje pou konsilte yon avoka imigrasyon ki gen eksperyans ak repitasyon, yon reprezantan Akredite Komisyon Dapèl Imigrasyon, oswa yon òganizasyon ki pa pran kòb pou edew ak aplikasyon w lan. Kontakte reprezantan sendika ou pou sipò ak referans.